



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO PRAL OTORIZE RASANBLEMAN POU JISKA
25 MOUN NAN FAZ TWA RE-OUVÈ TI A**

*Ekspè nan sante piblik mondal te bay apwobasyon pou Rejyon Lwès New York
antre nan faz twa demen*

Rejyon Kapital la toujou sou wout pou antre nan faz twa nan dat mèkredi 17 jen

*Li anonse kantite ospitalizasyon ak lanmò ki pi ba pou yon mwayèn twa jou depi
pandemi an te kòmanse*

Sèlman 1.10 poustan tès pou COVID yè yo te pozitif

*Konfime 620 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout
Eta a rive 383,944; Nouvo ka nan 33 Konte*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo pral otorize rasanbleman pou jiska 25 moun nan Faz Twa re-ouvè ti a, yon ogmantasyon soti nan limit 10 la. Senk rejyon deja antre nan Faz Twa a - New York Santral, Finger Lakes, Mohawk Valley, North Country, Southern Tier. Gouvènè a te anonse tou ekspè nan sante piblik mondal te bay apwobasyon pou Rejyon Lwès New York antre nan Faz Twa demen, epi Rejyon Kapital la toujou sou wout pou antre nan Faz Twa nan dat mèkredi 17 jen. Enstriksyon pou biznis sou Faz Twa nan plan re-ouvèti Eta a disponib [isit la](#).

Gouvènè a te anonse tou Eta a te atenn kantite ospitalizasyon ak lanmò ki pi ba pou yon mwayèn twa jou depi pandemi an te kòmanse. Kantite ospitalizasyon total yo te bese yè nan 1,608 nan nivo ki ba depi pandemi an te kòmanse. Venn senk moun nan New York te mouri yè akòz COVID-19 la, sa se nivo ki pi ba pou yon mwayèn twa jou depi pandemi an te kòmanse.

"Kòm plis rejyon ap prepare pou antre nan Faz Twa a nan tout Eta a epi kantite nou yo kontinye bese, nou pral modifye enstriksyon yo pou pèmèt rasanbleman pou jiska 25 moun, ki se yon ogmantasyon soti nan 10 moun", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Moun New York ta dwe trè fyè pou travay nou te reyalize ansanm pou fè kantite sa yo bese, men nou dwe rete vijilan. Règ ak règleman Faz Twa a trè klè epi yo mache byen. Chak moun genyen yon wòl pou jwe pandan nou ap re-ouvri a: Anplwayè yo gen yon wòl, pwopriyetè magazen yo gen yon wòl, anplwaye yo gen yon wòl, moun yo gen yon wòl, epi gouvènman lokal la gen yon responsabilite pou ranfòse entriksyon sa yo ak pwoteje Nouyòkè yo."

Sou 56,611 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, sèlman 620, oswa 1.10 pouzan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se konsa:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
New York City	1.70%	1.40%	1.30%
Capital Region	0.70%	0.60%	0.70%
Central New York	1.20%	0.60%	1.30%
Finger Lakes	0.60%	0.90%	0.40%
Long Island	1.00%	0.90%	0.90%
Hudson Valley	1.30%	1.00%	1.00%
Mohawk Valley	1.00%	1.40%	0.70%
North Country	0.20%	0.20%	0.00%
Southern Tier	0.20%	0.40%	0.50%
Western New York	1.10%	1.10%	1.40%

Gouvènè a te konfime tou 620 lòt ka nouvo kowonavirus, sa ki bay yon total 383,944 ka konfime nan Eta New York. Nan total 383,944 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,022	2
Allegany	55	1
Broome	655	4
Cattaraugus	106	2
Cayuga	106	0
Chautauqua	107	0
Chemung	138	0
Chenango	138	0
Clinton	98	0
Columbia	439	3
Cortland	42	0
Delaware	88	0
Dutchess	4,068	12
Erie	6,817	32
Essex	40	0
Franklin	25	0
Fulton	235	1

Genesee	213	1
Greene	251	0
Hamilton	6	0
Herkimer	128	0
Jefferson	81	0
Lewis	20	0
Livingston	123	0
Madison	335	1
Monroe	3,380	10
Montgomery	104	0
Nassau	41,240	36
Niagara	1,169	3
NYC	210,259	381
Oneida	1,280	7
Onondaga	2,531	12
Ontario	233	0
Orange	10,573	2
Orleans	268	1
Oswego	126	4
Otsego	80	0
Putnam	1,291	3
Rensselaer	514	1
Rockland	13,441	18
Saratoga	517	2
Schenectady	732	7
Schoharie	54	0
Schuyler	12	0
Seneca	64	1
St. Lawrence	215	0
Steuben	256	1
Suffolk	40,692	33
Sullivan	1,432	2
Tioga	139	0
Tompkins	173	0
Ulster	1,741	0
Warren	257	0
Washington	243	0

Wayne	133	0
Westchester	34,327	37
Wyoming	92	0
Yates	40	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)